

Kondisyon pou Gradyasyon Eta New York la

Konprann Kondisyon Aktyèl yo pou Diplòm Eta New York la.

Pou genyen yon diplòm, elèv yo dwe ranpli kondisyon kredi ak egzamen yo. Kondisyon sa yo separe epi yo distenk ak yo pa gen pou yo rive ansanm.

Remak: Distri lekòl yo ka kreye kondisyon diplòm anplis de sa Depatman Edikasyon NYS (NYS Education Department, NYSED) egzije yo.

Kondisyon Kredi

Tablo sa a montre kantite kredi ki nesèsè pou chak matyè. Li enpòtan pou sonje nan pifò matyè yo, elèv yo chwazi klas yo vle pran pou satisfè kondisyon minimòm yo.

	Kantite kredi minimòm
Anglè	4
Syans Sosyal	4
Òganize konsa:	
Istwa Global ak Jewografi (2)	
Istwa Etazini (1)	
Patisipasyon nan Gouvènman an (½)	
Ekonomi (½)	
Syans	3
Òganize konsa:	
Syans Lavi (1)	
Syans Fizik (1)	
Syans Lavi oswa Syans Fizik (1)	
Matematik	3
Lòt Lang Ki Pa Anglè (Languages Other than English, LOTE)	1*
Atizay vizyèl, Mizik, Dans, ak/oswa Teyat	1
Edikasyon Fizik (patisipasyon chak semès)	2
Sante	0,5
Elektif	3,5
Total	22

Yo ka dispanse elèv ki gen andikap yo nan kondisyon pou 1 inite kredi nan LOTE, si yo endike sa sou IEP yo a, men yo dwe toujou genyen 22 inite kredi pou yo gradye.




Kondisyon Egzamen yo

Anplis 22 inite kredi yo, elèv yo dwe ranpli kondisyon egzamen NYS yo tou pou yo ka genyen yon diplòm.

Pou reponn ak kondisyon egzamen yo, elèv yo dwe pase 4 egzamen plis 1 filyè (pathway). Tout elèv yo dwe pase yon egzamen (egzamen Rejan oswa altènatif Depatman an apwouve) nan chak nan kat (4) matyè yo (Anglè, Matematik, Syans, Syans sosyal) plis yon (1) filyè.

4

Yon egzamen Rejan oswa altènatif Depatman an apwouve nan chak nan matyè yo:



+1

Filyè

Remak: Si elèv yo pa kapab fè yon nòt pasaj 65 nan egzamen Rejan yo, yo ka kalifye pou [Apèl, Filè Sekirite, ak/oswa Detèminasyon Direktè a](#). Ou ka wè lòt enfòmasyon nan depliyon [Kondisyon pou Gradyasyon Eta New York la: Lòt Opsyon an](#).



New York State
EDUCATION DEPARTMENT
Knowledge > Skill > Opportunity

Kondisyon Filyè

Plizyè Filyè (pathways) pèmèt elèv yo chwazi nan egzamen yo pase yo pou yo pran yon diplòm. Pou fè yon filyè, elèv yo dwe:

Filyè Atizay	Fè yon nòt pasaj nan yon egzamen pakou Depatman an apwouve nan Atizay pou genyen filyè Atizay la
Filyè CDOS (Career Development and Occupation Studies) (Devlopman Pwofesyonèl ak Etid Metye)	Fè 216 èdtan kou CTE (apeprè 2 kou) ki gen ladan 54 èdtan aprantisaj ki Baze Sou Travay, fini yon plan karyè ak yon pwofil yo ka Anplwaye w, <u>oswa</u> pase yon egzamen filyè CDOS Depatman an apwouve
Filyè (Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik) CTE	Fini avèk siksè yon pwogram CTE Depatman anapwouve, ki gen ladan 3 jiska 5 kou CTE ak fè yon nòt pasaj nan egzamen teknik la an 3 pati
Filyè pou yon Moun Diplome	Fè yon nòt pasaj nan yon lòt egzamen Rejan oswa altènatif Depatman an apwouve nan Anglè oswa syans sosyal
Filyè LOTE (Languages Other than English, LOTE) (Lòt Lang Ki Pa Anglè, LOTE)	Fè yon nòt pasaj nan yon egzamen filyè Depatman an apwouve nan yon lòt lang ki pa Anglè
Filyè STEM (Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik) (Science, Technology, Engineering, and Mathematics)	Fè yon nòt pasaj nan yon lòt egzamen Rejan oswa altènatif Depatman an apwouve nan matematik oswa syans



Kalite Diplòm yo

Kounye a gen twa (3) kalite diplòm lekòl segondè: lokal, Rejan, ak Rejan avèk Deziyasyon Avanse.

Lokal

Tout kalite diplòm yo mande pou elèv yo genyen 22 inite kredi jan sa endike nan tablo kredi a. Elèv ki ranpli kondisyon kredi yo epi ki itilize kontestasyon, filè sekirite, oswa Detèminasyon Direktè a pou ranpli kondisyon egzamen yo tipikman genyen yon diplòm lokal.

Rejan

Elèv ki ranpli kondisyon kredi yo epi ki genyen nòt pasaj nan tout egzamen obligatwa yo, genyen yon diplòm Rejan. Elèv yo ka fè kontestasyon kont yon egzamen Rejan ki pa plis

Rejan avèk Deziyasyon Avanse

pase 5 pwen ki enferyè ak nòt pasaj la (60 jiska 64) epi toujou genyen yon diplòm Rejan.

Elèv ki ranpli kondisyon kredi yo, ki fè nòt pasaj nan tout egzamen obligatwa ki gen ladan 2 matematik siplemantè ak 1 syans siplemantè, epi ki fini yon sekans nan LOTE, Atizay, oswa CTE, genyen yon diplòm Rejan ak Deziyasyon Avanse.

Resous

-  [Edikasyon Jeneral ak Egzijans Diplòm](#)
-  [Kondisyon pou Diplòm Eta New York la](#)
-  [Kondisyon Eta New York la pou Diplòm/Atestasyon](#)
-  Règleman Komisè a (8 CRR-NY §100.5, [Kondisyon pou Diplòm](#))

Ou Gen Kesyon?

Kontakte Biwo Kourikoulòm ak Enstriksyon an nan emscgradreq@nysed.gov oswa (518)474-5922